



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU KONPLÈKS BROWN SWAN 21 MILYON DOLA NAN LAK SCHROON NAN KONTE ESSEX

*Gen sibvansyon 4.1 milyon dola ki soti nan Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki sipòte pwojè a*

*Fè avanse estrateji rejyonal pou sipòte enfrastrikti lojman ak touris*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke SpringCity Development Group, yon filyal Bonacio Construction Inc, konte investi apeprè 21 milyon dola pou akeri, renove ak revitalize ansyen Klèb Brown Swan sou rivaj Lak Schroon nan Vil Schroon, Konte Essex. Konstwi an 1917, bilding ki egziste yo pral transfòme pou tounen Konplèks Brown Swan, yon destinasyon prensipal Adirondack, avèk 121 chanm envite ki gen ladan 69 sal estanda, 25 suit, nèf chalè sezonye, uit kabin ak 10 sit pou kan. Konplèks la pral gen ladan yon restoran klas mondyal 10,000 pye kare ak gwo ekipman andedan kay la ak deyò pou envite tankou mini gòlf, teren pou plizyè kalite espò ak zòn pou envite naje ak waf ak yon teras.

"Pandan n ap kontinye rekonstwi apre pandemi an, li esansyèl pou nou ankouraje touris nan tout kote nan Eta New York pou ede estimile kwasans ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m sipòte Konplèks Brown Swan an Lak Schroon, ki pral atire moun ki soti toupatou pou vizite kominote Adirondack la. Pwojè tankou sa yo voye yon mesaj klè bay monn lan: New York tounen sou pye li epi n ap akeyi ou ak bra louvri".

SpringCity Development te fè patenarya ak Sonny ak Julie Bonacio ak Andrea Crisafulli ak Alan Ayers pou akeri ak revitalize Klèb Brown Swan, ki tou dènyeman te sèvi kòm World of Life Lodge. Operasyon chak jou konplèks la pral jere pa Hay Creek Hotels, yon operatè otèl trè dekore ke yo rekonèt pou eksperyans kliyan inik ak otantik li epi ki enspire lokalman nan 32 lokal atravè peyi Etazini.

**Sonny Bonacio, Prezidan Bonacio Construction Inc., te deklare,** "Sit sa se yon jwayo toutbon. Pandan ke anpil mizajou ak amelyorasyon nesèsè nan kad pwojè sa a, ou pa ka bat lokal la. Sa gen yon bon tan nou t ap chèche nan zòn sa a pou nou kreye yon pwojè konsa, kidonk, lè opòtinite a te prezante tèt li, nou pa te kapab di wi ase vit! Nou kontan travay avèk Andrea ak Alan ak Ekip Hay Creek la pou reyalize vizyon kolektif nou an."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Transfòme konplèks anblematik sa pral resevwa rezidan ak vizitè Lak Schroon yo, sipòte ekonomi touris lokal ak rejyonal yo. Konplèks Brown Swan revitalize a pral fè avanse plan rejyon an pou devlope ekonomi touris la lè li pwofite bote natirèl lak la epi kreye yon destinasyon ki mande envite yo eksplòre ak fè eksperyans kominote ki alantou yo."

Investisman Eta a nan Konplèks Brown Swan konplete pake rekiperasyon konplè Gouvènè Hochul ki rele "Bring Back Tourism, Bring Back Jobs" (Retounen ak Sektè Touris la, se Retounen ak Travay) ki koute 450 milyon dola a pou sipòte travayè sektè touris Eta New York ki frape pi di yo, revitalize endistri touris eta a, ak sipò biznis yo ki te kòmanse jis anvan oswa pandan pandemi an. Estraji konplè sa sipòte travayè ki nan chomaj yo ak biznis ki gen difikilte nan sektè touris ak otelri yo ki enpòtan anpil, ki te twazyèm pi gwo endistri New York anvan pandemi an. Anplis de sa, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a vize espesyalman devlopman lojman ak investisman nan enfrastrikti touris nan Thousand Islands ak rejyon Adirondack pou elaji ak sipòte ekonomi otelyè zòn nan k ap pwospere. Yo konnen Adirondacks pou bote natirèl li, lwazi anplennè premye klas, istwa ak aktivite ki adapte pou fanmi. Lè yo sipòte pwojè ki adrese kapasite lojman, investisman Eta New York konplete efò touris rejyonal yo epi ankouraje plis vizitè pou eksplòre pi piti kominote nan rejyon an tankou Lak Schroon.

Transfòmasyon Konplèks Brown Swan gen sibvansyon 4.1 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki sipòte li epi li pral kreye 26 travay ekivalan a tan plen sou sit la, plis sèt pòs sezonye. Anplis de sa, pwojè a aliyen ak estrateji pou kreye plas ak mendèv rejyon an nan sèvi kòm yon ank kominotè; selebre eritaj ak achitekti rejyon an; epi kreye opòtinite travay aksesib pou rezidan yo.

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country a, James McKenna, te deklare,** "Reyamenajman Konplèks Brown Swan an nan pozisyon pou siksè. Pwoximite konplèks la ak Adirondack Northway (I87), konbine avèk bote ti vil Lak Schroon nan ak opòtinite lwazi anplennè Adirondack Park pral etabli yon nouvo destinasyon pandan tout ane a ki pral mennen kwasans ekonomik ak nouvo travay. Pwojè sa byen kadre nan plan NCREDC epi nou pa ka tann pou wè gran ouvèti li".

**Senatè Eta Daniel Stec te deklare,** "Revitalize Klèb Brown Swan aktyèl la pou tounen yon konplèks se yon bon nouvèl pou Lak Schroon ak kominote alantou yo. Sibvansyon 4.1 milyon dola ki soti nan Fon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a pral enpòtan anpil pou ede kreye travay ki byen peye isit la epi ede transfòme teren konplèks la pou tounen yon destinasyon touris prensipal epi devlope ekonomi lokal nou an."

**Manm Asanble Matthew Simpson te deklare,** "Mwen kontan wè ke Klèb Brown Swan an pral resevwa nouvo lavi epi avèk nouvèl ke fanmi Bonacio dèyè sa pote yon gwo nivo konfyans ke se pral yon renovasyon ak reyitilizasyon k ap fèt kòm sadwa. Kòm yon rezidan Brant Lake, kominote Lak Schroon nan se vwazen ki vrèman bèl ki pral akeyi reyamenajman sa a ak bra louvri epi ki pral bay pi gwo nivo ospitalite ak fanmi Bonacio, Hay Creek Hotels, ak anpil vizitè yo pral ede atire nan zòn nan. Mwen bat bravo pou

Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a paske yo wè valè ak potansyèl pwojè sa a epi yo kwè nan kapasite alontèm kominote ki alantou a pou sipòte Konplèks Brown Swan an epi, nan fè sa, ap pèmèt tout moun ki enplike yo gen opòtinite pou montre gwo benefis patenarya piblik prive yo ka pote nan kominote yo atravè North Country ak atravè Eta a."

**Sipèvizè Vil Schroon Meg Wood,** "Lak Schroon te kenbe repitasyon depi lontan li kòm yon destinasyon trankil ki oryante sou fanmi pou vizitè yo jwi lwazi tout sezon ak eksplorasyon Pak Adirondack la. Klèb orijinal Brown Swan an te pote distenksyon riral otèl bò lak 19yèm syèk yo byen nan mitan 20yèm syèk la. Rezidan Schroon yo kontan konnen ke istwa ak karaktè vil nou an ak rejyon Adirondack la pral yon pati nan pwojè sa".

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)